*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 24 (25997)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 10 феврал — æртхъирæны мæйы 10 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 БÆРÆГБОН
*Бындур — фидæны наукон æнтыстдзинæдтæн*

3 ÆНЦОЙБОНЫ ФАРС

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæбысхæст*

**Уæлдæфон транспорт**

## 900 мин бæлццоны — афæдзы дæргъы

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО раарфæ кодта граждайнаг авиацийы кусджытæн сæ профессион бæрæгбоны фæдыл.**

Нæ республикæйæн ис, уыцы транспорты къабазы цæмæй сæрыстыр уа, ахæм бæрæггæнæнтæ. Дунеон аэропорт "Дзæуджыхъæу" нымад æрцыд хуыздæрыл, афæдзы дæргъы 500 минæй 1 милуаны бæрц бæлццæттæн чи балæггад кæны, уыцы аэропортты 'хсæн æмæ райста "Уæрæсейы уæлдæфон кулдуæртты" преми.



Ивгъуыд аз аэропорт "æгасцуай" загъта 900 мин бæлццонæн, уый у 2022 азæй 15 проценты фылдæр.

Дзæуджыхъæуæй райдыдтой хæдтæхджытæ балц кæнын Хъазанмæ, Новосибирскмæ, Уфамæ, Дубаймæ.

— Дарддæр дæр кусдзыстæм нæ аэровагзал хуыздæрæй-хуыздæр кæныныл. Реконструкцигонд цæудзæн зæронд терминал, уым æрæнцайдзæн дунеон балцыты фæзуат", — загъта ма Сергей Меняйло.

**Нæ уацхæссæг**

**Коммуналон хæдзарад**

## Ног техникæ

**Цæгатирыстойнаг Донифтонгады æмæ дон иуварсуадзæн куыстуат райста ног техникæйы 14 иуæджы.**

Нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** йæ телеграм-каналы куыд фыссы, афтæмæй куыстуатмæ æрбафтыд фондз хæдтулгæйы "УАЗ-фермер"-тæ, авд "Ладæ Грантæ"-йы æмæ дыууæ хæдæвдæлонгæнæн хæдтулгæйы "Shacman"-тæ.

"Амæй размæ-иу специалистты бахъуыд хаццоны ист транспортыл кусын. Ног хæдтулгætæ кæй фæзындысты, уый фæрцы кусджытæн уыдзæн сæ куысты хæстæ раздæрæй рæвдздæр æмæ хæрзхъæддæр æххæст кæныны фадат. Техникæ Дзæуджыхъæу æмæ районты филиалты 'хсæн байуардзыстæм", — фыссы регионы разамонæг.

Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, фарон дæр "Водоканал"-ы домæнтæн балхæдтой 25 ног экскаваторæй фылдæр æмæ æндæр хъæугæ хæдтулгætæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Парламентæй**

## Сæ ног азы куыст райдыдтой Алагиры районæй

**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты советы радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Цæгатирыстойнаг депутаттæн фарон сæ куысты цы хорз фæтк æрфидар, уый дарддæр æххæст кæнынц ацы аз дæр, æмæ йæ райдыдтой, советы æмбырд Алагиры районмæ кæй рахастой, уымæй.



— Районæн йæ царды æмæ йæ куысты æнтыстытæ кæй ис, уый у бæлвырд, æххæст кæны демографиимæ, æнæниздзинад хъахъхъæнынадимæ, ахуырадимæ, хъæууон хæдзарадимæ, промышленностимæ, чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомад рæзын кæнын æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадимæ баст авд национ проекты. Ис, районы хъомысил хорзæрдæм чи фæзындзæн, туризм рапарахат кæнын сæ нысан кæмæн у, ахæм инвестицион проекттæ дæр — Цъæйы, Мамысоны, Тæмисчъы. Æппæт уыдæттæ, æнæмæнг, хорзæрдæм фæбæрæг уыдзысты районы хъомысил, — советы æмбырд гом кæнгæйæ, загъта Тускъаты Таймураз.

Ивгъуыд аз Алагиры муниципалон районы социалон-экономикон бæрæггæнæнты тыххæй, стæй сæм национ проекттæ куыд æххæстгонд цæуынц, уый фæдыл раныхас кодта Алагиры районы сæргълæууæг **Дзантиаты Ислам.** Куыд загъта, афтæмæй республикæйы разамынды æмæ бынæттон муниципалон минæвæртты æмгуыстады фæрцы районы дарддæр дæр арæзт цæуынц адæмæн сæ цæрыны уавæртæ хуыздæр кæныны мадзæлттæ, уæлдай фылдæр æргом здæхт цæуы социалон фарстатæ лыг кæнынмæ æмæ социалон æххуыстæ аразынмæ.



Æнæниздзинад хъахъхъæнынады, ахуырады, культурæ æмæ царды иннæ къабæзты районы цы ивддзинæдтæ æрцыд, уыдоны фæдыл Дзантийыфырт бæстон æрныхас кодта æмæ уæлдай æргом аздæхта, ацы аз сæ размæ цы лыггæнинаг фарстатæ ис, уыдонмæ. Зæгъæм, ног культурæйы хæдзæрттæ аразын хъæуы Хæтæлдоны, Дæллаг Бирæгъзæнджы, Майрæмададжы, Рæмоны-фырты поселочы æмæ УЗК-йы микрорайоны, Уæллаг Бирæгъзæнджы, Мызуры æмæ Буроны та сты бындуронæй цалцæггæнинаг. Цалцæггæнинаг у Алагиры 1-æм библиотекæйы бæстыхай дæр. Ис æндæр лыггæнинаг фарстатæ дæр.

Алагиры районы экономикон рæзты уавæрты æмæ йæ гæнæнты тыххæй ныхас кодта Парламенты арæзтадон политикæйы æмæ цæрæнуæтты-коммуналон хæдзарады фарстаты фæдыл комитеты сæрдар **Остъаты Георги**. Депутат бафиппайдта, бынæттон бюджеты бæрæггæнæнтæ район 106 процентæй кæй сæххæст кодта, уый. "Абоны бон республикон бюджетæй район хæс нæ дары, цы æфстæуттæй пайда кæны, уыдон дæр фиды афоныл", — загъта Остъайы-фырт. Район æххæст кæны, сæ иумæйаг аргъ 24 миллиард сомы кæмæн у, цыппар ахæм инвестицион проекты. Сæ фæрцы фæзындзæн куысты бынæттæ 3 мины бæрц. Остъаты Георгийы ныхасмæ гæсгæ, æндæразимæ абаргæйæ, чысыл амалхъомады архайджыты нымæц фæфылдæр 51 процентæй. Раныхасгæнæг йе 'ргом аздæхта, ног сыгъдæггæнæнтæ районы аразыны фарстамæ æмæ загъта, сæ саразынæн хъæугæ гæххæттытæ ныридæгæн кæй сты цæттæ. 2022 азы райдыдтой донуадзæн хæтæлтæ рацаразыны куыстытæ æмæ кæронмæ ахæццæ уыдзысты 2025 азы. Æппæт куыстытæн дæр бахъæудзæн 3 миллиард сомы бæрц, уыдон сты федералон æмæ республикон бюджеты æхцатæ. Уымæй уæлдай, цалцæггонд æрцæудзæн 21 хъармгæнæны.

Социалон политикæйы фарстатæ Алагиры район куыд æххæст кæны, уый фæдыл дзырдта Парламенты Сæрдары хæдивæг **Дойаты Светланæ**. Медицинæимæ баст фарстатыл ныхас кæнгæйæ, куыд загъта, афтæмæй фылдæр æргом аздахын хъæуы æнæниздзинад хъахъхъæнынады фыццаградон къæпхæн рацаразынмæ, алы хъæумæ, дæрддзæф цæрæг алы адæймагмæ дæр аккаг медицинон æххуыс куыд хæццæ кæна, афтæ. Районы центрон рынчындонæй уæлдай медицинон æххуыс бынæттон цæрджытæн кæнынц 11 фелсырон-акушерон пункты, иу цæугæ медицинон пункт, авд амбулаторийы. "Уыимæ, рацаразинаг кæнæ та ногæй саразинаг сты медицинон пункттæ Сырх Ходы, Зынцъары, Уæллаг Бирæгъзæнджы, Майрæмададжы, Суададжы æмæ Мызуры хъæуты", — загъта Дойаты Светланæ. Районы центрон рынчындоны материалон-техникон быныдур у лæмæгъгомау, нæй сæм нырыккон медицинон техникæ. Уæдæ хъуаг æййафынц медицинон кусджытæй дæр. Ацы фарста лыггонд æрцæудзæн, Цæгат Ирыстоны медицинон академимæ æмæ медицинон колледжмæ ахуыр кæнынмæ район кæй арвиты, уыцы æрыгон специалисттæ фæстæмæ арыздæхынæн карз æмæ фидар фæтк æвæрд куы æрцæуа, уæд. Стæй хъуыддагæн ахъаз уыдзæн программæтæ "Хъæуккаг дохтыр" æмæ "Хъæуккаг фелсыр" адарддæр кæнын дæр. "Хорз уаид, Нузалы рынчындоны бындурыл саразын реабилитацион центр сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æмæ сæ сывæллæттæн", — бафиппайдта депутат.

Парламенты советы уæнгтæ ма æркастысты æмæ равзæрстой республикæйы социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон цардимæ баст федералон æмæ республикон закъонты проекттæ æмæ Уæрæсейы иуæй-иу субъектты закъонæвæрынадон хъæппæристæ. Афтæ, фæсивæдæн, æрыгон бинонтæн æххуысы мадзæлттæ фæфылдæр кæныныл, æрыгон адæмы 'хсæн миграцион процесстæ банывыл кæныныл ныхас цæуы "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы бынæттон хиуынаффæйады тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проекты. Уый фæдыл ныхас кодта Парламенты закъонады, закъонæвæрынад æмæ бынæттон хиуынаффæйады комитеты сæрдар **Черчесты Аслан.**

Советы уæнгтæ рахæцыдысты "Уæрæсейы зæрдылдарæн бæрæгбæттæ æмæ æфсæддон намысы бонты тыххæй" Федералон закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" федералон закъоны проекты фарс. Документы ныхас цæуы, цæмæй ацы азæй фæстæмæ алы аз дæр 1 июлы бæрæг кæнын райдайæм Хæстон цауты ветеранты бон. Ныртæккæ уал æй бæрæг кæнынц иуæй-иу хицæн субъекттæ. Фæлæ закъон фидаргонд куы æрцæуа, уæд та сæрмагондæй суыдзæн æппæтуæрæсеон бæрæгбон.

Депутаттæ ма цы закъонты проекттæм æркастысты, уыдоны фæдыл ныхас кодтой Парламенты профилон комитетты сæрдартæ **Хæдарцаты Аслæнбег, Еленæ Князева, Кочораты Олег, Реуазты Ларисæ, Киситы Мурат.**

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

**Хæрзаудæн**

## Фæсте нæ лæууынц

**Рæстæг куыд цæуы, афтæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æххуысгæнджыты нымæц кæны фылдæр. Ацы хатт акци "Схъарм кæн салдаты" расидтысты цæрайуæгтæ. Бавдæлдысты, æмæ æрæмбырд кодтой хуыссæнгæрзтæ, хъарм цъындатæ, скодтой æмбæхсæн хызтæ.**

Æртыккæгæм мæй црайуаг сылгоймæгты къорд бийынц уыцы хызтæ нæ хæстонтæн. Хъуыддагæн быныдур сæвæрдта **Гæдзалаты Фатимæ**. Йæ цуры æрбалæууыдысты хъæуккаг сылгоймæгтæ. **Æмбалты Маргаритæйæн** фыццæгты зын уыд. Ацы куыстыл чысыл рæстæг нæ хардз кæнынц, домы лæмбынæг уæвын. Йæ ахуырдзаутæй бирæтæ сты тохы быдыры, уый та ам, йæхиуыл нæ ауæрдгæйæ, архайы, йæ бон куыд у, афтæ. Хорз æмбарынц йе 'мбæлттимæ сæ архайд, гæнæн ис, æмæ суанг кæйдæр мæлæтæй дæр аирвæзын кæна.



Къорды уæнгтæ Гæдзалаты Фатимæ, **Есенаты Ритæ**, иннæ сылгоймæгтæ алыхуызон нывæфтыд хызтæ бийынц: иу ран зæхх митæй æмбæрзт у, иннæ ран — хъæмпæй, кæмдæр та цъыфдзаст у. Ныр бийынц, фæззыгон-зымæгон уавæрты хуыздæр чи бамбæхсдзæн танктæ æмæ акъоппытæ, ахæм хызтæ. Куыст цæмæй цырддæр цæуа, уымæн æрхъуыды кодтой сæхи технологи: хъуымац фисынмæ лыг кæнынц æмæ йæ бæттæныл афтæ бафидар кæнынц, цæмæй змæла.

Кусынц къордæй, бонæй-бонмæ сæ нымæцыл æфты. Црауы администраци æмæ "Ирыстонæй — уарзондзинадимæ"-йы сæйраг штаб архайынц хæстонтæн алывæрсыг æххуыс кæныныл.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

**Æрыдоны районæй**

## Рынчындонæн — хъæугæ ифтонггарз

**Æрыдоны районы цæрджытæн нырæй фæстæмæ сæ бон у магнитон-резонансон томографыл се 'нæниздзинады уавæр базонын районы центрон рынчындоны. Уый тыххæй фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**



"Уыцы-иу ран æппæт иртасæнтæ дæр саразын, уый тынг стыр удæнцойдзинад у рынчынтæн. Уæлдай ахадындзинад та йын ис районты центрты — уæхæдæг æй æмбарут, иуæй-иутæ дзы Дзæуджыхъæумæ дæрддзæф сты. Зæгъæм, Мæздæгæй цæуын хъæуы дыууæ сахаты. Уым дæр КТ аппарат сæвæрдтам, ацы аз та ма сын сæвæрдзыстæм магнитон-резонансон томограф", — ныффыста республикæйы разамонæг йæ телеграм-каналы.

Йæ ныхæстæм гæсгæ, регионы хицауад архайынц, сæ авналæнтæ куыд амонынц, афтæ, æппæт дзæбæхгæнæн уагдæттæ дæр нырыккон диагностикон аппаратурæйæ сифтонг кæныныл. Ацы аз ма балхæндзысты медицинон ифтонггæрзтæ 29 иуæджы: маммографтæ, УЗИ-йы аппараттæ, кардиографтæ æмæ бирæ æндæртæ.

**АГЪНАТЫ Розæ**

**Амалхъомад**

## Æххуыс кæндзæн паддзахад дæр

**Хи куыстыл хæст чи у æмæ афтæмæй цæрыны фæрæзтæ кæмæ хауы (самозанятые), уыдоны нымæцыл ма Цæгат Ирыстоны 2023 азы бафтыд 15 мины æмæ 300, ныртæккæ хæццæ кæны 40 мины 500 адæймагмæ.**

Раздæр цæрджытæ не 'ргом кодтой сæ пайдайы æхца, уымæн, æмæ сæ уæд бирæ рацу-бацу кæнын хъуыди хъалонтæ фидыны фæдыл гæххæттытæ æмбырд кæнынмæ. Ныртæккæ уыцы хъуыддаг фæци дзæвгар æнцондæр æмæ дзы æмбæхстагæй ницыуал ис. Уымæй уæлдай ма уыцы социалон къордæн бар ис паддзахады 'рдыгæй æххуыс бацагурын дæр.



Уымæй уæлдай ма афæдзы дæргъы нæ республикæйы 1,5 мины бæрц фылдæр фæци хи куыстыл хæст амалхъом адæймæгты нымæц, æмæ ацы азы 1 январмæ схæццæ сты 13 мины æмæ 800. Уыцы-иу рæстæг та сæ амалхъомады куыст ныууагътой 3 мины гыццыл хъуаг адæймаджы.

Зæрдыл ма æрлæууын кæндзыстæм уый дæр, æмæ ацы мæйы райдайæны Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдары хæдивæг **Платы Альбинæ** куыд загъта, афтæмæй 2021 азæй абонмæ хи куыстыл хæст чи у, уыцы адæмы нымæц дзæвгар фылдæр фæци, æцæг се 'хцайы пайда у фæллойы мызды тæккæ къаддæр бæрцæй ныллæгдæр.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

## Дзырды фарн

*...махæн нæ царды фæндаг у æрмæст кæрæдзийы уарзын æмæ кусын, хи фæллойæ цæрын.*

*ТЛАТТЫ Хох*

**Боныхъæд** Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **10 февралы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **13+18 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **13+18 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ — 10,18** | **Хурыскаст** — 07,06 | **Хурныгуылд** — 17,24

**Валютæйы аргъ** | **Доллар** — 90,75 ↓ | **Евро** — 97,07 ↓

12+

Бæрæгбон

# Бындур — фидæны наукон æнтыстдзинæдтæн

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО архайдта Уæрæсейы наукæты академийы Дзæуджыхъæуы наукон центры иугонд наукон советы кадджын æмбырды. Мадзал арæзт уыд Уæрæсейы наукæты академийы 300 азы боны кадæн.**




Арфæйы ныхæстæ зæгъгæйæ, Сергей Меняйло бафиппайдта, абоны уавæрты, нæ бæстæ экономикон æгъдауæй æлхъывд куы цæуы, уæд наукæйæ размæцыд ноджы кæй фæхъомысджындæр. Иртасæнты руаджы гом кæнынц ног здæхттæ, продукцийы алы хуызтæ.

— Ивддзинæдтæ æмæ ногæй рацарæзтыты дуджы кæй цæрæм, уымæй амондджын стæм. Уыдон бындур æвæрынц нæ размæцыдæн. Махмæ гыццыл нæй, сæ нæмттæ сыгъзæрин дамгъæтæй уырыссаг наукæйы фыст кæмæн æрцыдысты, ахæм зындгонд адæм. Уыдон егъау бавæрд бахастой наукæйы алы къабазмæ — техникон, æрдзон, гуманитаронмæ. Ис нæм, кæй бафæзмæм, ахæм ахуыргæндтæ, фидæнмæ ныфсджынæй кæсæм, абон та бындур æвæрæм нæ дарддæры наукон æнтыстдзинæдтæн, — фæбæрæг кодта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг.

Сергей Меняйло бузныджы ныхæстæ загъта ахуыргæндтæ æмæ ацы къабазы ветерантæн сæ бæрзонд профессионализм æмæ удуæлдай фæллойы тыххæй.

Уый фæстæ Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы арфæйы фыстæджытæ сæ намысджын наукон-иртасæн куысты бæрзонд бæрæггæнæнты тыххæй лæвæрд æрцыдысты Дзæуджыхъæуы наукон центры кусджытæ:

— географион наукæты кандидат **Бурдзиуты Ольгæйæн**,

— медицинон наукæты кандидат **Дзампаты Жаннæйæн**,

— физикон-математикон наукæты кандидат **Къусраты Зæлинæйæн**.

Цæгатирыстойнаг ахуыргæндтæн арфæ ракодтой РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз** æмæ ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** дæр.

Æмбырды архайджытæ байхъуыстой Уæрæсейы наукæты академийы Дзæуджыхъæуы наукон центры 2023 азы наукон иртасæнты бæрæггæнæнтæм æмæ ацы аз сæ размæ æвæрд хæсты тыххæй докладмæ.

Куыд фæбæрæг кодтой доклады, уымæ гæсгæ фарон наукон центр æнæхъæнæй дæр сæххæст кодта 26 уæрæхгонд наукон темæйы иртасæнтæ, архайдтой сыл уагдоны 243 кусæджы. Сæ бæрзонд æмвæзад, рæстæджы домæнтæн дзуапп кæй дæдтынц æмæ практикон æгъдауæй пайда кæй сты, уый зыны Уæрæсейы наукæты академийы экспертон хатдзæгты.

Абон республикæйы наукон æмбалад иртасæнтæ аразы алыхуызон къабæзты — зæххы тыххæй наукæйы, математикæ, биомедицинæ, хъæууон хæдзарад, гуманитарон наукæты.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Нысангонд æрцыд

## Комитетæн — ног хицау

**Цъæхилты Чермен нысангонд æрцыд Цæгат Ирыстоны Адæмæн куысты бынæттæ дæттыны комитеты сæрдарæй. Уый тыххæй РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады администрацийы пресс-службæ куыд фехъусын кодтой, афтæмæй указ бафыста республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло.**

**Цъæхилты Чермен 2021 азæй фæстæмæ æххæст кодта республикæйы Сæргълæууæджы Коррупцийы ныхмæ фарстаты управленийы хайады хицауы хæстæ.**

**("15-æм РЕГИОН")**

Фæндагон инфраструктурæ

## Хиды рацарæзт

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ ныхасмæ гæсгæ, зæгъæн ис, æмæ Ногиры хид рацаразыны фæдыл куыстытæ æхсæвæй-бонæй æххæстгонд цæуынц.**

Адæм кæуыл сахуыр сты, транспорты цыды уыцы маршруттæ цæмæй рæвдздæр ногæй арæзт æрцæуой, фæндагараздджытæ æппæт гæнæнтæй ууыл архайынц.

— Объекты цавæр уавæр ис, уый базонынæн æм æрбацыдтæн, мæ балцы тыххæй хабар рагацау нæ фехъусын кæнгæйæ. Специалисттæ кусынц Ногирырдыгæй Терчы галиу фарсыл. Фидæны хиды æртыккаг могорæн цъассытæ бетонæй байдзаг кодтой. Цыппæрæм могорæн дæр цъассытæ цæттæ кæнынц. Хидæн уыдзæн фæйнæ дыууын цыппар метры дæргъæн фондз уадздзагимæ æхсæз могоры. Хид кæй фæуæрæх кæндзысты, уый руаджы объектыл цыды æдасдзинады къæпхæн фæбæрзонд уыдзæн, — загъта регионы разамонæг.



Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, ивгъуыд аз ивылд доны аххосæй чи ныккалд, уыцы хид рацаразынæн фæрæзтæ райстой Уæрæсейы Президенты æххуысы фæрцы.

— Фарон октябры нæ фембæлды фæстæ Владимир Путин кæй радта, уыцы цалдæр бардзырды æхсæн уыд нæ республикæйы фæндагон инфраструктурæйæн ахсджиаг объекты рацарæзт дæр, — бафиппайдта республикæйы Сæргълæууæг.

**("ОсНова")**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Ма бауадзæм фæцудын!

Мæ уарзон газет "Рæстдзинад"-ы ног номыр куы райсын, уæд ын йе 'рмæджытæ нæма бакæсын, фæлæ йын йæ тиражыл мæ цæст æрæвæрын. Мæ зæрдæ бамæгуыр вæййы йæ нымæцæй. Газетæн йæ фыццаг фарсыл дзæнæты бадæг Къостайы хуызист дæр цыма ирон адæммæ сиды: "Не 'взаг рохæн æгæр æвгъау у".

Цы фау æрхæссæн ис газеты æрмæджытæм та? Цы дзы нæ вæййы бакæсæн — райдай политикон, номдзыд æмбæстаг адæймæгты царды цымыдисаг царды хабæрттæй, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон фысджыты æмæ йæхи сфæлдыстады фæлварæг æрыгон фæлтæры куыстытæ. Вæййы дзы алыхуызон зонинæгтæ, худæджы хабæрттæ, хъусынгæнинæгтæ. Тынг алывæрсыг у газетæн йæ тематикæ. Бирæ газеткæсджытæ афтæ фæзæгъынц, æз, дам, мæ сывæллоны бонтæй абоны онг исын æмæ кæсын ацы газет, фæлæ дзы мæ бон раппæлын нæу.

Тынг æвæрæз уыдысты мæ сабийы бонтæ, фæлæ арæх мæ зæрдыл æрлæууы ахæм хабар. Нæ сыхаг постхæссæгæй куыста, æмæ йæм-иу газет "Рæстдзинад" куы баззади, уæд-иу æй стыр лæварæн радта махæн. Æз-иу æй цалдæр хатты бакастæн нæ бинонтæн. Цард размæ цыди, æмæ ныр бирæ азты исын ацы газет. Хорз бæлццонмæ куыд æнхъæлмæ кæсай, афтæ æнхъæлмæ фæкæсын йæ алы номыры рацыдмæ дæр. Æрхæндæг бонтæ мын вæййынц, къуырийы цы дыууæ боны нæ рацæуы — хуыцаубон æмæ къуырисæры, фæлæ уыцы бонты та ме 'рхæндæг сурæг вæййы нæ уарзон ирон радио, зæрдæйыл ныдзæвгæ аив ирон ныхас, нæ ирон музыкæйы зæлтæ. Газетæн йæ рафыссыны аргъ зынаргъдæр кæны, ахæм зондахастимæ та æз æппындæр разы нæ дæн. Ау, афæдзы æмбисæн дæ пенсийæ иу мин радих кæн, уæд уымæй дæ цард мæгуырдæр фæуыдзæн? Кæддæр ме 'рвад, поэт Цæрукъаты Володя пенсийы куы рацыди, уæд æй нæ сыхаг фæрсы: "Цæй, пенсиисæгæн æнцон цæрæн у?" Уый ныххудти æмæ афтæ бакодта: "Тынг æнцон, цæрын æртæ "Д"-йæ — Доедаю, Донашиваю, Доживаю". Ацы дзырдтæн сæ мидис алкæмæн дæр æмбæрстгонд у, цы зæгъинаг уыд, уый уæлдай хатт тæлмац кæнын, фæлгъауын нæ хъæуы. Цы 'рцæудзæни, тъæнджы мæйы ног тынд джитъритæ æмæ пъæмидортæй конд салат куы нæ бахæрай, уæд? Уый дæр алкæмæн дæр æмбæрстгонд у: уыдон сыгъдæг æрдзон уавæрты не 'рзадысты, фæлæ сты химийæ дзаг. Уымæн у ахæм сæ хатдзæг низты тыххæй дохтыртæн. Низтæн сæ 95 % сты фырхæрд æмæ хæринæгты — æфтауæнты аххосæй. 5 % та рынчын кæнынц, хæрдхъуаг кæй æййафынц, уый аххосæй. Нæ уæздан хистæртæ-иу афтæ загътой: "Æгæр хæрд бирæгъæн дæр нæ тайы". Ныр та бирæ адæймæгтæ сæхи уарзынц рæвдауын хæринагæй, фæлæ сæ рох у, хи уарзынæн йæ ратæдзæнтæ æндæртæ кæй сты. Дæ ныййарæг мад дын "А-лол-лай"-ы зарæг авдæнмæ цы 'взагыл зарыд, цы адæмы 'хсæн схъомыл дæ, æмæ уыдонмæ цы 'гъдæуттæ уыди, дæ Райгуырæн бæстæ — уыдоны чи нæ уарзы, уый йæхи дæр нæ уарзы. Исчи дæ куы бафæрса, кæцон дæ, зæгъгæ, уæд хъуамæ сæрыстырæй зæгъай: "Æз ирон дæн, нæ ирон фыдæлты байзæддаг". Цæмæй афтæ зæгъай, уый тыххæй та дæхæдæг хъуамæ нæ диссаджы куырыхон хистæртæн аккаг фæдон уай.

Афтæ макæмæ фæкæсæд, æмæ газет чи рафыссы, уыдон нæ ирон æгъдæуттæ не 'ххæст кæнынц, зианы дæр æмæ цины дæр æмбæлгæ лæггад нæ бакæнынц, зæгъгæ, уазæджы не сбуц кæнынц. Уæдæ абоны царды ацæргæ адæмæй æнæ медицинон хостæй дæр ничи ирвæзы, фæлæ сæхицæн хæсыл нымайынц, коммуналон лæггæдтæ куыд фидынц, афтæ нæ табуйаг газет "Рæстдзинад" исын, кæсын æмæ йæ кæстæртæн дæр уарзын кæнын.

Абон цы уавæры ис нæ уарзон газет, уый зæрдæты сагъæсы æфтауы æмæ райгуыры фарст: "Цы уыдзæн йæ фидæн, йæ фæстаг?" Чи хъуамæ батыхса ацы фарстайыл, нæхæдæг куы нæ уæм, уæд? Мæ куырдиат арæзт у нæ уарзон газеткæсджытæм. Махæй алчидæр хъуамæ йæхицæн хæсыл банымайа иу кæнæ дыууæ адæймаджы сразы кæнын газет рафыссынмæ, æмæ уæд, абон цы уавæры ис, уый зæрдæмæдзæугæ дæр фæуаид.

Нæ рухстауæг газет "Рæстдзинад"! Де сконд артдзæст цæхæр калæд кæддæриддæр, дæ артаразджытæн та бирæ цардамонд Хуыцауы цæст бауарзæд!

**ЦÆРУКЪАТЫ Азæ, æхсæнадон уацхæссæг**

***Бындæр та мæ фæнды æрхæссын, мæ куырыхон мад Олычкæйæ кæддæр цы æмбисæндтæ фехъуыстон, уыдон. Чи зоны, æмæ сæ газеткæсæг дæр фехъуыста, фæлæ ма сæ иу хатт уæ зæрдыл æрлæууын кæнут.***

### Æмбисæндтæ

*Æдылы дзурæгмæ зондджын хъусæг хъæуы.*

***Æдылыйы æмдзырд куы кæнай, уæд дæхæдæг дæр сæдылы уыдзынæ.***

*Садзгæ зондæй зонд нæй.*

***Царды истæмæй куы фæтыхсай, уæд-иу, дæ фæстæ чи цæуы, уыдонмæ дæр акæс.***

*Кæимæ ныхас кæныс, уый цы карæн у, уый дæ рох ма уæд.*

***Туг тугæй ничи æхсы.***

*Ме знæгтæ сымах знæгтæ не сты.*

***Цардæмбалы мастæй зæрдæ риссы, хъæбулы мастæй та — стæг.***

*Гæды фиумæ куы нæ феххæссы, уæд æй мархо фæхоны.*

***Йе стыр ныхасæй астæуыстæг асæтдзæн.***

*Йе стыр ныхасыл поезд афæлдæхдзæн.*

***Адæмæн сæ бакаст куыд алыхуызон у, сæ сæры зонд æмæ зæрдæйы уагæй дæр афтæ алыхуызон сты.***

Алагиры районæй

## Ныхас ахуырдзауты ныййарджытимæ

Районы мидхъуыддæгты хайады кусджытæ æмæ Æхсæнадон советы уæнгтæн уыд хъуыддаджы фембæлд Алагиры 5-æм скъолайы ахуырдзауты ныййарджытимæ.



Фыдракæндтæй æмæ адæймаджы зондыл æвзæрырдæм ахадæг информацион сайттæй пайда кæнынæй æнахъомты бахизæн куыд ис, æмбырды рæстæг пъæлицæйы кæстæр лейтенант **Артур Жигунов** уыдæтты тыххæй хабæрттæ ныййарджытæн радзырдта. Фехъусын сын кодтой районы фæзуатыл æрцæуæг фæндагон-транспортон фыдбылызты, стæй, æнахъомтæ фæндагыл цæуыны фæтк куыд фехалынц, уыдæтты тыххæй хабæрттæ.

Хъомыл адæймæгтæ кæимæ нæй, изæрæй æмæ æхсæвы ахæм æнахъомтæн уынгты æмæ æхсæнадон бынæтты уæвыны бар кæй нæй, стæй æнахъомтæй æмæ сæ ныййарджытæй (науæд сæ закъонон минæвæрттæй) уголовон кæнæ административон бæрндзинад цавæр уавæрты бадомынц, барадхъахъхъæнæг оргæнты кусæг уыдæтты тыххæй хабæрттæ æрбацæуæг адæмæн радзырдта.

Ныхас кæнгæйæ, районы мидхъуыддæгты хайады Æхсæнадон советы уæнг **Ханайты Таймураз** загъта:

— Сывæллæтты æдасдзинад махæй аразгæ кæй у, уый нымайгæйæ, хъомыл адæмы сæйраг хæс у æвзæр æддагон ахадындзинадæй рæзгæ фæлтæр бахизын. Ацы хъуыддаг æххæст кæнгæйæ, нæ хъарутæ хъуамæ баиу кæнæм.

Барадхъахъхъæнæг оргæнты кусджытæ ныййарджыты фарстытæн бæлвырд дзуаппытæ радтой.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Мидхъуыддæгты министрады Алагиры районы хайады инспектор**

Аудынад

# "...Хæсджын дæн æппæт Ирыстонæй дæр..."

**Сæрмагонд æфсæддон операцийы æртыккаг къуыри цыдис, афтæмæй фæмард нæ хъæбатыр хæстонтæй иу. Уый не 'ппæты стыр хъыг æмæ маст у, фæлæ уæлдай зæрдæриссæн æмæ æнæкæрон æрхæндæджы хабар та у йæ бинонтæн. Исдугмæ сидзæрæй аззадысты цыппар æнахъом сабийы. Фыдыбæстæйы сæрвæлтау йæ цард чи рауæлдай кодта, уыцы хъæбатырæн саккаг кодтой бæрзонд хæстон хæрзиуæг, кадимæ йæ арвыстой йæ фæстаг балцы. Бынæттон æфсæддон комиссарад дæр æвæстиатæй бакодта, зианджынтæн æмбæлгæ æхцайы фæрæзтæ радтынæн цыдæриддæр хъуыдис, æппæт уыцы хъуыддæгтæ. Фæлæ кæм разындзæн ахæм æвдадзы хос, ахæм фæрæз, бинонты стыр зæрдæрыст æмæ æрхæндæг чи æрмынæг кæна?**

Дзæуджыхъæуккаг, фыццаг къорды инвалид Лалыты Левæ йæхицæн скарста: "Мæ бон хæстонты æмрæнхъ фронты æрлæууын нæу. Фæлæ мæ уæддæр бацархайын хъæуы мæ адæмæн, мæ бæстæйæн истæмæй ахадгæ æххуыс бакæнын". Сæрмагонд æфсæддон операцийы фыццаг бонты Левæ æххуыс кодта, нæ республикæйæ æрсидтмæ чи бахауд, уыдонæн æмæ бархиотæн уæлæдарæсæй, фæстæдæр та гуманитарон æххуыс Донбассмæ æрвитыныл архайдта.

Хæсты быдырæй иу иннæйы фæдыл уæззау хабæрттæ хъуысын куы райдыдтой, уæд та Левæ — Дзæуджыхъæуы ветеранты советы сæрдар — бацыд республикæйы æфсæддон комиссарадмæ æмæ ракуырдта, цæмæй йын радтой, тохы быдыры чи фæмард, уыцы хæстонты бинонтæй искæй адрис — æмцегад æмæ сын æххуыс кæнынмæ. Комиссарады дыууæ нал загътой Левæйы куырдиатыл, радтой йын октябрыхъæуккаг Бураты Фидары бинонты адрис. Фидар фæмард, Мариупол уæгъд кæнгæйæ. Лæвæрд ын æрцыд Лæгдзинады орден йæ мæлæты фæстæ.

Бураты бинонтæм бацæуыны размæ Левæ бирæ фæхъуыды кодта, цавæр цæстæнгас бадардзысты зианджын бинонтæ, сæ хионтæ йæ хъæппæрисмæ, раст æй бамбардзысты æви нæ, æппæт уыдæттыл. Йæ фæндонимæ сразы сты Левæйæн йæхи бинонтæ дæр — йæ бинойнаг æмæ кæстæртæ, уым аиппæй ницы ис, арфæйаг хъуыддаг у ахæм зын сахат сын баххуыс кæнын, зæгъгæ.

Бинонтимæ фыццаг фембæлды рæстæг Левæ ссардта хъæугæ ныхæстæ йæ фæндон бамбарын кæнынæн. Загъта, Фидары лæгдзинад æмæ æхсар йæ цæсты куыд тынг сахадыдтой, ирон фæсивæдæй сæрыстырдзинад йæ зæрдæйы ноджы стырдæр бынат куыд бацахста, æппæт уыдæтты тыххæй. Фидары лæппутæ Вадим æмæ Асланæн та бафæдзæхста, сæ фыды, сæ мыггаджы кад ноджы бæрзонддæр къæпхæнтæм сисыныл куыд бацархайой, уый.



— Кæй зæгъын æй хъæуы, æз ссардтаин мæхæдæг дæр фæрæзтæ Бураты бинонтæн материалон æгъдауæй фехxуыс кæнынæн. Фæлæ мæм æрмæст уый фаг нæ фæкаст — хæсты быдыры знаджы ныхмæ цы лæппутæ лæууынц айнæг къæдзæхау, уыдоны бинонтæм хъуамæ иудадзыг дæр нæ цæст дарæм, æххуысхъуаг сæ мацæмæй уадзæм. Уымæ гæсгæ, баныхас кодтон мæ зонгæ амалхъом адæмимæ, æмæ абон бынæттон хойраджы комбинат æнæсцухæй æрвиты Бураты бинонтæн дзидзайы хæлц, кæрчыты фабрикæ æрбаласынц æйчытæ, хæстæгдæр дуканийы та сын дæттынц хъарм дзул. Æппæт уыдæттæ — лæвар... Уымæй уæлдай ма, Левæ йæхæдæг ахадгæ æххуыс кæмæн бакодта, уыцы хуыйæн ательейы хицау фæногдæр кæны лæппуты уæлæдарæс.

Цоты хистæр Вадим, Левæимæ ныхаскæнгæйæ, ской кодта йæ бæллиц — æфсæддон дæсныйад райсын. Уый Левæйæ нæ ферох. Бацархайдта, цæмæй Вадимы райсой суворовон училищæмæ. Ныртæккæ у æвдæм къласы ахуырдзау.

Уый у æцæг хорздзинад ракæнын: уæлдæр хицауады амынддзинæдтæм, æхсæнадон акцитæм æнхъæлмæ нæ кæсгæйæ, дæ гæнæнтæ, дæ фадæттæ куыд амонынц, афтæ æххуыс кæнын Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бинонтæн.

Лалыты Левæйы нæй олигарх схонæн, уæдæ йæ иуæй-иу æнтыстджын амалхъомтимæ дæр нæ абардзынæ. Фæлæ йæ исбонæй, йæ рæстæмбис гæнæнтæй æнæвгъауæй хай кæны, царды зын фæлварæнты чи бахауд, æххуысхъуаг æцæгæй дæр чи у, уыдонæн. Уарзы йæ Ирыстон, йæ адæмы, мæт кæны фæсивæды сомбоныл. Уымæн æвдисæн сты бирæ дæнцæгтæ — бахуыйын кодта скъоладзауы уæлæдарæс хъæуккаг скъолайы фыццагкъласонтæн, иннæ скъолайы хуыздæр рауагъдонтæн та снысан кодта стипенди, йæхи хилдасæны къуырийы кæцыдæр бон лæвар балæггад кæнынц ветерантæ æмæ бирæсывæллонджын бинонты цотæн. Левæ йæхи хардзæй сæвæрдта цыртдзæвæнтæ йæ намысджын æмзæххонтæн — Хетæгкаты Къоста æмæ Плиты Иссæйæн.

Арæх бабæрæг кæны, госпиталы сæ цæфтæ чи дзæбæх кæны, уыцы хæстонты. Иуахæмы госпиталы сæмбæлд æвзонг уырыссаг лæппу Григорий Кулешовыл. Уымæн иу къуырийы размæ алыг кодтой йæ иу къах, æмæ лæппу йæхимæ ныхъхъуыста, цалдæр боны хæрын дæр нал бакуымдта. Левæ йын йæхи бацамыдта, йæ фарсмæ сынтæгыл æрбадт. Ныфсытæ æвæрдта Григорийæн, загъта, царды алцыдæр вæййы, хатгай уæззау фæлварæнтæ дæр, фæлæ сын сæттын нæ хъæуы.

Кулешов ницы дзырдта, ныхъхъуыс, стæй комкоммæ бакаст Левæйы цæстытæм æмæ æнкъардæй афтæ бакодта: "Æз дæр, бæгуыдæр, афтæ дзурин, дæ бынаты куы уаин æмæ зынаргъ хæдтулгæйы госпиталмæ лæвæрттимæ куы 'рбацыдаин, куы ницæй мæт мæ уаид..."

Уыцы ныхæстæм Левæ исдуг фæкуыддæр. Стæй æнæдзургæйæ йæ хæлафы дыууæ фадыгыл хæрдмæ схæцыд, æмæ къæхты бæсты Григорий федта дыууæ протезы — цæмæй зыдта лæппу, Левæ йæхæдæг дæр, æвирхъау фæндагон фыдбылызы бахаугæйæ, æнæ къæхтæй кæй баззад, уый. Григорий фæджих, иуцасдæр рæстæг сдзурынхъом нал фæци, стæй аххосджыны каст бакодта Левæмæ: "Бахатыр мын кæн".

Уый фæстæ ма Левæ æмæ Григорий цалдæр хатты фембæлдысты, фæлымæн сты. Левæимæ ныхæсты фæстæ лæппу йæхиуыл фæхæцыд, сæхимæ дæр фыстæг арвыста. Госпиталæй йæ куы рафыстой, уæд та стыр арфæтæ кодта Левæйæн.

Ахæм фембæлдтытæн ис егъау ахадындзинад, уый хуыйны психологон æххуыс. Æмæ Левæ бахатыд Уæрæсейы Хъахъхъæнынады министрадмæ, цæмæй уыцы пайдайаг фæлтæрддзинад парахатдæрæй пайдагонд цæуа госпиталты, хæстон быцæуты уæнгцух чи фæци, уыцы æфсæддонты дзæбæх кæнгæйæ. Министрады уыцы хъæппæрис хорзыл банымадтой.

Лалыты Левæйы куы бафарстон, куыд æххæссы æппæт уыцы хорздзинæдтæ кæнынил, æхсæнадон куыстыл, йæ амалхъомады архайдыл, уæд мын, бахудгæйæ, загъта: "Мæхæдæг фыдбылызы куы бахаудтæн, уæд мæм дохтыртæ уый бæрц туг бауагътой, æмæ йæ абон дæр нæ зонын, бузныг кæмæн зæгъон, кæй туг мын фехxуыс. Уымæ гæсгæ, нымайын афтæ: хæсджын дæн æппæт Ирыстонæй дæр æмæ дзы йæ алы цæрæгæн дæр хъуамæ хорзы бацæуон, цас мæ бон уа, уый бæрц".

Йæ арфæйаг хъуыддæгты Лалыты Левæ æхсæнадмæ хæццæ кæны, мæнмæ гæсгæ, иу сæйраг хъуыды: цы хорздзинад кæнай, уый хъуамæ амидин кæна иннæты дæр ахæм хъæппæрис бафæзмынмæ, равдисынмæ. Уæд нын иумæйаг хъарутæй дзæвгар æнцондæр уыдзæн царды зын фæлварæнтыл уæлахиз кæнын...

**Владимир СОСНИЦКИЙ, газет "Красная звезда", 2023 аз, апрел**

Бынæттон хиуынаффæйад

## Цалцæггæнинаг номарæн

**Дзæуджыхъæуы Намысы номарæн бындуронæй цалцæггæнинаг у. Горæты администрацийы пресс-службæйы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, рæхджы бынæттон цыртдзæвæнты уавæр иумæйаг уагæй рабæрæг кæндзысты.**

— Номарæны уавæры фæдыл экспертон хатдзæгтæ чи скæндзæн, нæ зæрды ис ахæм бетъырбухаг специалистты æрбахонын. Кæй сараздзыстæм, æппæт объектты хъæндзинæдты уыцы номхыгъды бындурыл номарæн сцалцæг кæнынæн хъæугæ хæрдзты бæрц сбæлвырд кæндзыстæм, — загъта культурæйы управленийы хицау **Мæрзойты Руслан.**

Фарон Намысы номарæны Къостайы проспекты 'рдыгæй цыртдзæвæн "Æнусон арт"-ы зæронд æфсæн-бетон уæлцъар ногæй баивтой, стæй Сырхгвардион уынджы 'рдыгæй Уæлахизхæссæг Георгийы номарæн цырты цур къæпхæнтæ сцалцæг кодтой. Уымæй раздæр цыртдзæвæн "Минæвæрттæ Ус-Паддзахы цур"-ы къæпхæнтæ сцалцæг кодтой.

Ацы азы нывылкæнынады программæмæ гæсгæ, зæронд асфальт-бетон уæлцъар къæйтæй баивдзысты. Цалцæггæнæн куыстытæ æххæстгонд æрцæуыдзысты Сырхгвардион уынджы 'рдыгæй бацæуæн къорды цур. **Фиппаинаг:** 2005 азы майы кæй байгом кодтой, Дзæуджыхъæуы уыцы Намысы номарæн нымад у цыртдзæвæнты æвæджиауы комплексыл. Ам уыцы иу фæзуатыл æнусонгонд æрцыдысты Мидбæстон æмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæстыты хъæбатырты, бынæттон гæрзифтонг быцæуты фæмардуæвæг æфсæддон службæгæнджыты, стæй дуджы зындгонд адæймæгты нæмттæ.

**("15-æм регион")**




## Мидбылты худгæйæ

# Фæсномыг ыл комдзог рацыд...

Ме 'фсымæр Хъазыбег Чырыстонхъæуы (Дигорайы) кусы авд æмæ ссæдз азæй фылдæр, æмæ хорз базыдта бынæттон цæрджыты, сæ миниуджытæ. Иухатт дзы фехъуыстон ахæм ныхæстæ, Дигорайы, дам, дыл фæсномыгæй ном куы сæвæрой, уæд, дам, æй дæ паспорты ныффысс. Ома, афтæ дыл ныххæцдзæн, æмæ дæ дæхи ном ферох уыдзæн.

Уæвгæ, уый æрмæст Чырыстонхъæуы "низ" нæу. Зæгъæм, советон хицаудзинады рæстæджы Урсдоны уыдис турбазæ æмæ пансионат. Нæ хъæу цалдæр хайæ арæзт у — Сындзыхъæу, Хъарман, Фалдон, Урсдон, Къора, Хъæрæгъæс, Узыка... Нæ фæсивæды фылдæр хай дзы куыстой, чи — хицауæй, чи — инструкторæй, чи — дуаргæсæй, чи — цæлгæнæны... Туристтæ-иу нæм раст арвы кæрæттæй дæр схæццæ сты, Советон Цæдисы алы республикæтæй. Кусгæ чи нæ кодта базæты, уыцы лæппутæ дæр-иу изæрырдæм къæрццарæзтæй уырдæм сфардæг сты, тезгъо кодтой уырыссаг чызджытимæ... Кæрæдзимæ фæсномыгæй дзырдтой, уыдис се 'хсæн "Хæнкъæл", "Къуыбертт", "Тауыра", "Къазо", "Быдыло", "Къуда", "Доцент", "Къотт", "Уыры", сæ сæры хилмæ гæсгæ — "Сау", "Бур", "Зынг"... Æмæ, дамиу, чызджытæ дисы бафтыдысты: "Какие у вас странные имена!"

Ирыстоны алы хъæуы æмæ горæты дæр ахæм фæсномыгтæ — уыйас дæр дæ хъæуæд! Заманхъулы та иу лæппуйы хуыдтой... "Цирк". Цæмæн ыл афтæ ныффидар — мæгъа, фæлæ йын йе 'цæг ном хъуыды дæр ничиуал кодта, "Цирк" æмæ "Цирк"! Уый тыххæй иуахæмы стыр фыдбылызы дæр бахауд. Хъуыддаг афтæ рауад, æмæ йæ фæрсаг хъæутæй иуы кæимæдæр фемхæццæ кодтой, тынг мæсты кæмæ уыдысты, ахæмимæ. Цалдæрæй йыл сæхи ныккалдтой, саг фæрæтмæ æрцыд, зæгъгæ, æмæ йæ фæхты хойæгау хойынц. Фадат ын куыддæр фæци, афтæ, мæгуырæг, хъæр кæны, цы, дам, мын кæнынмæ хъавут, æз, дам, "Цирк" дæн, "Цирк"!

Йе 'фхæрджытæ дын уый айхъуыстой, цы, æмæ та йыл дывæр тыхтæй балæууыдысты, ды, дам, кæмæй хъазыс, мах, дам, дæ ныртæккæ театр сараздзыстæм.

## Хъæбатыры кадæн

# ДОЙЙАТЫ Давиды зарæг

*Уæрæх адагæй нын Джызæлы хъæддзаутæ фæстæмæ куы здæхынц, гъей!*
*Давиды карз цæфтæй фыдызнаджы 'фсæдтæ дæсгæйттæй фæлдæхынц, гъей!*
*Цæмæй æнхъæл уыдис, йæ уæззау цæфтæ йæ фæцудын кæндзысты, гъей!*
*Цæмæй æнхъæл уыдис, йæ хæстон æмбæлттæ йæ цуры кæудзысты, гъей!*
*Ныййарæг Адзитто, Джызæлы хъæубæстæ, хъæбатыр нæ мæлы, гъей!*
*Хæрзбон уын куыд зæгъа, куы кæуат йæ фæстæ йæ райгуырæн хъæуы, гъей!*
*Джызæйлаг цæхæрцæст Германы сау хæсты лæгдзинад равдыста, гъей!*
*Доййаты Давид нын йæ Райгуырæн бæсты ыстыр хæс бафыста, гъей!*
*Йæ къах æй нæ хæссы, цæрдзæни Хъырымы, йæ туг дзы ныккалдта, гъей!*
*Йæ бæрзонд цырт Керчæй, кæс, дардмæ куы зыны, йæ ном дзы ныууагъта, гъей!*

## Уæ фæндонмæ гæсгæ

ЧЕДЖЕМТЫ Æхсар

# Усгуры зæрдæ

*Усгуры зæрдæ, дам, уалдзæг у,*
*Уардийау райхæлы хуссары.*
*Уæртæ нын уыцы чызг уазæг у,*
*Усгур та уазæджы буц дары.*

*Усгуры зæрдæ цæстæнгасы*
*Ма уадзут, лæппутæ, атайын.*
*Абон æз ацы фæрныг хъазты*
*Базонон хъуамæ чызг расайын.*

*Усгуры зæрдæ, дам, зарæг у,*
*Рухс бæллиц рухс зæлтыл ахаста.*
*Зарæг та хурæфсургъ барæг у,*
*Зарæг чызджы зæрдæ басаста.*

*Усгуры зæрдæ фæразон у,*
*Амондæвзарæгæн ном хæссæг.*
*Уæртæ мын уыцы чызг уарзон у,*
*Усгур та уарзонæн — хохмæсыг.*

*1974 аз*

## Бакæс, базон

# Генион поэты цардæй

**Ацы аз, æнæдызæрдыгæй уырыссаг литературон æвзаджы бындурæвæрæг, генион поэт Александр Сергейы фырт ПУШКИНЫЛ æххæст кæны 225 азы, æмæ йæ кадæн Уæрæсейы арæзт цæудзæн алыхуызон мадзæлттæ. Цы диссаджы литературон бынтæ нын ныууагъта, уыдон ын скодтой æнæмæлгæ ном, йæ аивадон уацмыстæ та йын уарзынц бирæ фæлтæртæ, куыд Уæрæсейы, афтæ фæсарæнты дæр. Бындæр мыхуыр кæнæм цымыдисаг цаутæ поэты цард æмæ сфæлдыстадæй.**

***

Фыст ыл цы чингуытæ æрцыд, уыдоны нымæцмæ гæсгæ, Пушкин ахсы æппæт адæмы историйы 19-æм бынат. Йæ разæй сты Йесо Чырысти æмæ Вагнер, фæлæ йæ фæстæ та аззадысты Ганди æмæ Бетховен.

***

Пушкин афтæ курдиатджын уыд, æмæ йе сфæлдыстадæй фыссынмæ ныфс радта Николай Гоголæн, стæй ма йæ руаджы фыст æрцыд 4000 аивадон уацмысы музыкæ æмæ литературæйы.

***

Пушкин асæй бæрзонд нæ уыдис — æдæппæтæй 161 сантиметры. Уыдис ын æрвхуыз цæстытæ, кæхцæфсæр, къæбæлдзыг дзыккутæ. Иухатт йæхи тыххæй, загъта, "æцæг маймулийы хуызæн", зæгъгæ.

***

Уæрæсейæгтæ Пушкинмæ цы зæрдæ дарынц, уый дзæвгар тыхджындæр у, зæгъæм, англисæгты æнкъарæнтæй Шекспирмæ, америкæгты — Марк Твенмæ, испайнæгты — Сервантесмæ.



***

Поэты дард фырты фырты фырты чызг кæддæр афтæ загъта: "Уæрæсейы нæй нæлгоймаг, сылгоймаг кæнæ таксист, Пушкины æмдзæвгæ чи нæ радзурдзæн. Уый, зæгъын æмбæлы, иунæгæй сарæзта уырыссаг литературæ".

***

Сабитæ кæсынц Пушкины аргъæуттæ. Куы байрæзынц, уæд уарзæттæ кæрæдзийæн фæдзурынц йе 'мдзæвгæтæ. Либералты зæрдæмæ цæуынц йæ скептицизм æмæ ирони. Националисттæ йын аргъ кæнынц хиæмбарынадмæ йе стыр бавæрæны тыххæй. Романтиктæ йын йæ уарзондзинадыл фыст æмдзæвгæтæй суртæ кæнынц. Хуыцауыл чи 'ууæнды, уыдон ын йæ уацмысты арынц удварны цæхæртæ. Æмæ йæ æппæт уæрæсейæгтæ дæр нымайынц уырыссаг литературæйы фыдыл.

***

Поэты мады фыдыфыд уыдис, Петр I туркæгтæй кæй балхæдта, ахæм эфиопаг цæгъайраг Камерунæй. Дзуар ыл император йæхæдæг бафтыдта, уый руаджы хорз ахуырад райста æмæ сси æфсæддон, дворянин.

***

Пушкин хæдзары дзырдта французагау. Йæ мад тынгдæр уарзта йæ кæстæр æфсымæры æмæ-иу фидæны поэтимæ мæйгæйттæ дзыхæй нæ дзырдта. Йæ сабидуг ын амондджын схонæн нæй. Уыдис хæрзхуыз сывæллон, æнарæхст, йæхи хуыдта фыдконд, афтæ йæм каст, цыма йæ ничи уарзы. Скъолайы бынтон хорз нæ ахуыр кодта, фæлæ бирæ уарзта уырыссаг æвзаг.

***

Кæд æй паддзах Никъала I иу хатт "Уæрæсейы æппæты зонддӂындæр адæймаг" рахуыдта, уæддæр къамтæй хъазын нæ зыдта æмæ-иу арæх фæхæрд. Куыд фæзæгъынц, суанг йæ хъусты онг уыдис æфстæутты бын. Æппынæдзух йæ материалон уавæр æвзæрдæр кодта æфстæутты тыххæй, уымæн æмæ-иу ногæй æфстæутты бацыд бæрзонд процентыл.

***

Пушкины литературон бынтæ æдæппæтæй сты 16 томы. Фыста æмдзæвгæтæ, романтæ, драмæтæ, радзырдтæ сывæллæттæн, аргъæуттæ, уарзондзинады историтæ, политикон уацтæ. Йæ хъайтарты 'хсæн уыдысты стыр хицæуттæ, хъазайрæгтæ, аристократтæ, æндæргтæ æмæ кæлæнгæнджытæ.

***

Поэт йæ уацмыстæ фыста æрмæстдæр уырыссаг æвзагыл.

## Удварн

# Хурхор

**Нæ ирон къæлиндарты алы хатт дæр вæййы нæ кувæндæтты, нæ ирон бæрæгбæтты кой. Фынджы хистæр дæр йæ ракуывды æдзухдæр æппæты дæр æрымысы.**

Фæлæ æз дис кæнын, уыцы номхыгъды Хурхоры Уастырджийы кой кæй нæ вæййы, ууыл. Уымæн та ис цымыдисаг истори.

Урсдоны рахиз фарсы ис бæрзонд былгæрон, адæм æй хонынц Куыдзæппарæн. Йæ галиу фарс та — Хурхоры бæрзонд. Таурæгъы куыд дзурынц, афтæмæй Куыдзæппарæны уыдысты дæлимонтæ, хæйрæджытæ, Хурхоры бæрзонды та уыд Уастырджи. Се 'хсæн иуахæмы хъаугъа рауад, æмæ хæйрæджытæ стыр дур æрбазыввытт кодтой Уастырджийыл. Уый йæм йæ кард фæдардта, æмæ дзы стыр къæртт æрхауди. Уыцы къæртт дуры фарсмæ бирæ азты уыди. Уыцы дурыл ныввæфтыд куы нæма уыди, уый дæр хъуыды кæнын. Едзиты Сослæнбег, нæ зындгонд хæдахуыр скульптор, ыл Уастырджийы сурæт скодта. Уым Хурхоры цъуппыл ис кувæндон. Джеоргуыбайы бæрæгбон æм фæцæуынц бирæ адæм кувынмæ. Йæ кой къæлиндарты ракуывды кæй нæ вæййы, уый, мæнмæ гæсгæ, раст нæу.



**ДЗБОЙТЫ Михал,**
**Ирыстоны адæмон нывгæнæг**

## Хæдбындур курдиат

# Фидæны фæлтæртæн — зæрдиаг лæвар

**Æрдз, æвæдза, диссаг у! Иуæн æнæвгъауæй фæхай кæны алыхуызон курдиæттæ, æмæ йæ цард арвиты ирдæй, алы цымыдисаг, зæрдылдаргæ цаутæй — йедзаг. Иннæтæн та сæ бонтæ — уыцы иухуызон, æдзæхх, æгъуыз, æмæ сæ зæронды бонты цы æрымысой, уый дæр нæ вæййы. Фæлæ, чи зоны, уыцы хъуыды бынтон раст нæу. Афтæ дæр фæзæгъынц, адæймаг, дам, куы райгуыры, уæд тетрады сыгъдæг сыфы хуызæн вæййы. Дарддæр та — дæ лæджыхъæд æмæ дæхæдæг!**

Кæддæр Сæбанты Хаджумаримæ фембæлдтæн, бирæ фæныхас кодтам. Куыд фæзæгъынц, йæ алы дзырды дæр фарн кæмæн уыдис, ахæм лæг! Хъусынæй йæм не 'фсæстæн. Уыдтæн йæ хæдзары, йæ æрмадзы. Фенын мын кодта йæ куыстытæ. Ныффыстон ыл æрмæг. Байхъуыстон ын йæ зардмæ. Æмæ мæ дисы бафтыдта. Иу адæймагæн уыцы диссаджы курдиæттæ бирæ уыдысты! Нæ республикæйы адæмон нывгæнæг, зындгонд героикон зарæггæнæг, æрмдæсны...алцыдæр ын бантыст, — йæхи къухтæй сарæзта мыдыкъусау дзаг хæдзар, ныссагъта бæлæстæ, схъомыл кодта цот. Йæ кой Ирыстоны арæнты сæрты ахызт. Абон Сæбанты Хаджумары куыстытæ фенæн ис æрмæст нæ республикæйы музейты нæ, фæлæ Уæрæсейы горæтты дæр.



Нывгæнæг-примитивист йæ куыстыты стыр æргом здæхта хæхтæм. Æмæ уый хуымæтæджы нæ уыд — Хаджумар ацы дунемæ фæзынд Дыгургомы, Нары хъæуы. Дзæнæтон бынат, алæмæты рæсугъд æрдз





азы алы афон дæр. Æмæ кæд уым æдæппæтæй дыууадæс азы фæцард (бинонтæ фыццаг ралыгъдысты Дур-Дуры хъæумæ, фæстæдæр та æрбынæттон сты Камбилеевкæйы), уæддæр уыцы рæсугъддзинæдтæ ахъардтой йæ туджы, æмæ сæ йæ куыстыты адæмы размæ рахаста.

Ирыстоны цæрджытæ се 'ппæт дæр, зæгъын æмбæлы, хæхбæстæй рацæуæг сты, сæ уидæгтæ — алы кæмтты, æмæ, æвæццæгæн, Сæбанты Хаджумары нывтæ чи фены, уый сæ йæ зæрдæмæ хæстæг уымæн райсы. Хæхтæ, кæмттæ, цъититæ, цæугæдæттæ, дзæбидырты хъазт нæ цæстыты раз слæууынц, кæсынæй сæм нал фефсæды лæг. Нывгæнæг алæмæты хуызджын ахорæнтæй сарæзта, стыр цæрæнбон кæмæн ис, ахæм æнæхъæн тæмæссаг дуне. Æмæ кæд абон хъуытазхъæлæс зарæггæнæг, хæдбындур нывгæнæг не 'хсæн нал ис, уæддæр, фидæны фæлтæртæн цы бынтæ ныууагъта, уыдонимæ æнусон уыдзæн йæ ном.

## Рагон хабæрттæ

### Дыууæ бæлццоны

Дыууæ лæджы дард балцы фæцæуын сфæнд кодтой.

— Ай фыдбылызы бæстæ у, — загътой — Ам мах ницæуыл фæхæст уыдзыстæм.

Кусарт акодтой, сыхбæстæ æрхуыдтой, уæрдоны байдзаг кодтой хæрд, нозт, сæхæдæг хорз баныхтой, адæмы уæлхъус æрлæууыдысты æмæ дзурынц:

— Хæрзбон, нæ хъæубæстæ, хæрзбон! Чи зоны, абонæй фæстæмæ кæрæдзи нал фендзыстæм.

Араст сты æмæ фæцæуынц. Хъæуæй иучысыл куы ауадысты, уæд дзы иу йæ цæссыг æркалдта æмæ æмбалмæ дзуры:

— Цæй-ма, ныр кæдæм цæуæм?

Уый ныдджих и. Баурæдтой æмæ радыгай дзурынц:

— Цæй æнамонд стæм, ныр кæдæм цæуæм? Хæрд, нозт, минас ам куы сты, уæдæ нæм хъæу дæр куы зыны.

Уыцы сахат бæх раздæхтой фæстæмæ æмæ сæ хæдзары адæмы сæ тæккæ минас кæнгæйæ æрбайййæфтой.

### Ницы мын кæндзæни

**Иу лæппу, усбирæгъ кæй хуыдтой, ахæм усы чызджы куырдта, æмæ йæ йе 'мбæлттæ фæрсынц:**

**— Куыд уæндыс? Йæ мад бирæгъ куы у, уæд дæ нæ бахæрдзæни?**

**Уый сæм дзуры:**

**— Нæ! Йæ лæппын мæхимæ куы уа, уæд мын ницы кæндзæн?**

### Пъырыстыфы над

Джызæл пъырыстыфы куы фæнадтой, уæд дзы чидæртæ афтæ дзырдтой:

— Йæ мукъутæн ын дзæбæх авæрдтон.

Иннæ загъта:

— Тымбыл къухæй йын йæ уадул дзæбæх куы ныммыхъ ластон!

Чи та — фæрстæ, былтæ, риу, фындзы хъæл.

Уалынмæ хъæуыл æфсæдтæ куы æртыхстысты æмæ сæ иугай ахсын куы байдыдтой, уæд та афтæ дзырдтой:

— Æмæ æз Къардоны куы уыдтæн.

— Æмæ æз Æрыдонæй нырма абон куы схæццæ дæн.

— Æмæ æз рынчын куы уыдтæн.

### Мæн нæ бахæрдзæни?..

**Дыууæ æфсымæры уарджыты æркодтой сæ хистæр æфсымæры ахицæн кæныны тыххæй. Хъуыддаг æцæгмæ куы 'рцыди, уæд хистæр æфсымæрты фæрсы:**

**— Цæй-ма, зæгъут мын, цæй тыххæй мæ уарут?**

**Уыдон æм дзурынц:**

**— Мах дæуæй нæ байуарикком, фæлæ нæ дæ ус æгас бинонтæй бахордта.**

**Уый сæм дзуры:**

**— Уæ, Хуыцау кæмæн нæй! Æмæ кæд сымах æгас бинонтæй дæр хæры, уæд уе 'фсымæр куы дæн, мæн иунæгæй нæ бахæрдзæни?**

### Рог усгур

Уæрæсейæ чи ссыди, ахæм тæлтæг лæппу иу чызгмæ фидауджыты барвыста æмæ, фæстæмæ æрæгмæ куы цыдысты, уæд сæм лæппу йæхæдæг бацыди, дуарæй бадзырдта, æмæ йæм чызджы æфсымæр рауади. Усгур æм дзуры:

— Цæй-ма, мæ лæгтæ цы фесты? Кæд ис, уæд хорз, на уый нæй — мæнæн Уæрæсейы, æнæ ирæдæй лæгъстæгæнджытæ дæр бирæ ис.

**"Ирон хъæлдзæг ныхæстæ æмæ фыдæлты æмбисæндтæ".**
**БЫДТАТЫ Агуыбечыр,**
**БТЕМЫРАТЫ Бимболат.**
**Берлин-Дзæуджыхъæу 1924 аз**

## Иуæй-иу уырыссаг нæмттæ иронау дзургæйæ

**Александр**
Алыксандр, Сандр, Сандро,Сандыр, Сашико, Шурик.
**Алексей**
Алекси, Алеш, Алешæ, Алыкси, Алыксы, Лекса, Лекси, Лексо.
**Андрей**
Андри, Андро, Андруш, Æндре, Æндрей, Æндри.
**Антон**
Антъо, Антъон.
**Василий**
Басил, Васил, Васкæ, Васо, Вася, Уасикъо, Уасил, Уасо.
**Владимир**
Бало, Балоди, Валоди, Вовик, Лада, Ладе, Лади, Ладикъо, Ладимыр, Ладо, Лæдо.
**Георгий**
Гео, Геор, Георга, Георги, Герги, Геуæрги, Гиуæр, Гиуæрга, Гиуæрги, Джеор, Джеорджи, Джеуæрджи, Джиор, Джиорджи, Джиуæрджи, Жора, Жорик, Зоро.
**Григорий**
Григол, Грис, Гришæ
**Дмитрий**
Дими, Димитр, Дмитри, Митр, Митуш, Митя, Митъо, Митъро, Митъус.
**Константин**
Къост, Къоста, Къостан.
**Михаил**
Михайло, Михака, Михал, Михел, Михо, Мишæ, Мишик, Мишкæ.
**Николай**
Гала, Коли, Коликк, Колка, Колдя, Къола, Къоли, Микъала, Микъолоз, Никъа, Никъала, Никъо, Никъолоз.
**Петр**
Бети, Бетъре, Ботъыр, Петкæ, Петро, Петъро.
**Сергей**
Серга, Серги, Сердже, Серез, Сержик, Серож.
**Федор**
Федка, Федкъа, Федыр.
**Анна**
Аникъо, Аничкæ, Ануси, Ануш, Аня.
**Вера**
Верикъо, Вериска, Верычкæ, Верус, Веришка.
**Екатерина**
Катер, Кати, Като, Къатуша, Къати, Къатъо, Къатъуши.
**Елизавета**
Лизавет, Лиза, Лизо, Лизикъо.
**Мария**
Маня, Марус, Марусæ, Маруся, Маря, Масинкъа, Масо, Машикъо, Масо.
**Ольга**
Ола, Олга, Олгъæ, Оленкæ, Оликка, Олинкæ, Олинка, Оличкæ, Олычкæ, Уæлга, Уæлгæ, Уæлгъа, Уæликæ, Уæлинкæ.
**Раиса**
Раисæ, Раичкæ, Райкæ.
**Тамара**
Тамар, Тамуся.
**Татьяна**
Тана,Тани, Таня.

*"Ирон нæмтты дзырдуат Чиныгудзæн "Ир" 1990 аз*

Фарс бацæттæ кодта ГАПБАТЫ Алетæ

## Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

# Хæцдзысты Европæйы чемпионаты

**Уæгъдибар хъæбысхæстæй Европæйы чемпионат 12-15 февралы цæудзæн Румынийы сæйраг горæт Бухаресты.**

Олимпиаг хъæзтыты уæлахиздзау, дунейы фондз хатты чемпион, Уæрæсейы сгуыхт спорты мастер **Гуæцæлты Хадзымураты** разамындæй цæттæгæнæн æмбырды цалдæр уæзы арæзт æрцыдысты æвзарæн фембæлдтытæ. Уыдонæй иуы, 74 кг онг уæзы фембæлдысты **Байаты Давид** æмæ **Магома Дибиргаджиев.** Сæ фембæлды Давид разынди арæхстджындæр æмæ фæуæлахиз 9:5 хыгъдæй. Ацы уæлахиз Давидæн фæндаг байгом кодта Европæйы чемпионатмæ.

Ирон богæлттæй дыккаг балцæг райста Уæрæсейы спорты сгуыхт мастер **Найфонты Артур**. Январы Красноярскы дунеон турнир "Иван Ярыгин"-ы 1-аг бынат кæй бацахста, уымæй йæхицæн балцæг бакуыста 86 кг онг уæзы æмæ ныр Бухаресты хæцдзæн Европæйы чемпион суæвынил.

Давид æмæ Артурæн нæ зæрдæ зæгъы уæлахиздзаутæ суæвын!



Уæрæсейы номæй дзы гауызмæ чи рацæудзæн, уыцы богæлттæ бæрæггонд æрцыдысты, нæ бæстæйы иугонд командæйæн цы цæттæгæнæн æмбырд уыд, уым.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Хатдзæгтæ

# Туристтæ уарзынц Ирыстон

**Республикæйы Туристон-информацион центр куыд хъусын кæны, афтæмæй æрбацæуæг адæмæн ахсджиаг сты Дзæуджыхъæуы Сабырдзинады проспект æмæ Дæргъæвсы мæрдты горæт.**

Дзæуджыхъæуы проспектмæ туристтæй æрбацæуынц 2543 адæймаджы, Национ музеймæ — 1700, Терчы былтæм — 2000, Культурæ æмæ фæлладуагъды паркмæ — 2000, Евгений Вахтанговы номыл Уырыссаг Академион театрмæ — 1250, Плиты Иссæйы цыртдзæвæнмæ — 2000, Оперæ æмæ балеты театрмæ — 1500 адæймаджы.



Туристтæн уарзон сты Дæргъæвсы мæрдты горæт, Хъолайы цъитийы раивылды бынат, Уастырджийы цыртдзæвæн, дамгъæ "Æ"-йы арт-объект, Нæлгоймæгты моладзандон, бельгийæгты арæзт фабрикы уагъд бынат, Гæлиат, Мидæгрæбинаг æхсæрдзæн, Цъæйы ком æмæ æндæр бынæттæ.

Туристон-информацион центр рæгъмæ хæссы информацион лæггæдтæ, туристон объекттæ æмæ инфраструктурæ. Туристты бон у центры руаджы бафæдзæхсын экскурситæ, республикæмæ ссæуын, хъæугæ картæтæ æмæ æрмæг райсын.

*("15-æм регион")*

# Дзырдбыд

**ФÆРСЫРДÆМ:** 2. Тавиц, рæвдыд. 4. Æгад. 8. Зачъе. 9. Фысты бынат, фосдон. 10. Къостайы фæсномыг. 12. Лакъон. 13. Марæн фæрæз. 14. Суанцъы. 16. Къæндзы, хылычъы, къæпсыр. 18. Æнæсаст, æгайнæг зæхх. 20. Уазал. 25. Къуыпп, къуыбыр. 28. Хъуын. 29. Дæргъы бæрцбарæн. 31. Бæлас. 32. Хъæбæр, хъæддых. 34. Фæлтæр, сывæлдæр. 35. Паддзахад Африкæйы. 36. Къухуæрдон. 38. Æфсæрмыгæнаг, хæдæфсарм, къæмдзæстыг. 40. Бæхифтындзæн дзаума. 44. Стыр хъæмп амад. 45. Тугхæстæг, мадызæнæг. 47. Лæггадгæнæг сылгоймаг. 48. Халæн хæцæнгарз. 49. Цæугæдон Индийы. 52. Хъалон. 54. Æрх. 56. Æфцæг хæхбæсты. 58. Буары хай. 61. Фадат, æууæл. 63. Гуыр. 64. Цæсгомы хай. 65. Хъæр, хъæлæба. 66. ...Хуыцауы уазæг (ирон æмбисонд). 67. Раздарæн. 68. Касфыцæг.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Уагджын, хиуылхæцгæ, æгъдауджын. 2. Тыхист. 3. ...йæ хъахъхъæнæг ахæм æвзæрæн! (Къоста). 5. Æрдзон фæзынд. 6. Маргъы мыггаг. 7. Удгоймаджы мотор. 11. Хихджын бæлас. 12. Арт, цæхæр. 14. Æрдзон фæзынд сæумæраджы. 15. Хæстæг, хион. 17. Æнæфыдбылызæй. 19. Æнгуылдзы раззаг хай. 21. Ирон кафт. 22. Химион элемент. 23. Къух. 24. Дыргъбæлас. 26. Æмбырды фидыдгонд документ. 27. Спъиртты хуыз. 28. Цæрæн кæм нæй, ахæм бынат. 30. Ирон хæринаг. 33. Болат. 37. Æгоммæгæс бæх, хæрæг. 38. Бæрц, цифрæ. 39. Цæугæдон Иркутскы облæсты. 41. Барджыты ерыс. 42. Тыппыр. 43. Æххормаг. 45. Æнæзæрдæмæдзæугæ, æнæуынон, æдзæх. 46. Зæрдæйы уаг. 50. Тæрф, ком, дзыхъхъ. 51. Цæугæдон Цæгат Ирыстоны. 53. Къупыри, дичъи. 55. Донмарæн. 57. Æфсины кусæнгарз, кæрдзынгæнæн. 59. Æмбис. 60. Хæдзарон маргъ. 62. Хойраг.



## Дзуаппытæ 3 февралы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:** 6. Разæнгарддзинад. 9. Æдзæмад. 13. Сæрдзæг. 14. Ихзæрдæ. 15. Æмбалад. 16. Фокс. 18. Иумæ. 21. Ардæ. 22. Уæзæг. 25. Хинæ. 26. Лауыз. 27. Атлас. 28. Цасм. 29. Æрдæг. 30. Æгæр. 31. Æмбал. 32. Рæзæн. 33. Едыс. 34. Дунтæ. 37. Тебæ. 38. Тæрс. 41. Арфæ. 43. Æххæрæг. 44. Æнæныфс. 45. Рæтъызт. 46. Катангæ. 50. Хуыссæнæмбæрзæн.

**БЫНЫРДÆМ**: 1. Дзедзро. 2. Æгад. 3. Æртæ. 4. Идра. 5. Æнæазым. 7. Æнæсæрфатдзинад. 8. Рудзынгæмбæрзæн. 9. Æгæс. 10. Зебрæ. 11. Малкæ. 12. Диди. 16. Фæлмæст. 17. Къусбар. 19. Уæлазар. 20. Æхсæнтæ. 22. Узæлд. 23. Задын. 24. Гагрæ. 35. Уæхст. 36. Тырын. 39. Æныгуыз. 40. Саск. 41. Агрæ. 42. Фæтевзæ. 47. Адæм. 48. Асæх. 49. Гæбы.

## Ис ахæм хъуыды

# Растфыссынадæн ис йæхи æгъдæуттæ

Адæймаг бирæ рæстæг кæм æрвита, архайа, уыцы куысты фæзилæнтæ æмæ æууæлтæм иудадзыг дæр йæ цæст дары, архайы сæ фæхуыздæр, фæрастдæр кæныныл.

Æз дæр, æвæццæгæн, афтæ — нæ мадæлон æвзаджы растфыссынады иуæй-иу фарстаты ис, срастгæнинаг чи у, æмбæлгæ хуызы фыссын кæй хъæуы, ахæм хабæрттæ. Зæгъæм, кæд иронау дзырд "дыууæ" фыссæм дамгъæ ы-имæ, уæд дыгурон тексты та хъуамæ уа афтæ — "дууæ", — æртæ у-имæ. Скъоладзауты фысгæ куыстытæм куы фæкæсын, уæд иу æмæ дыууæ хатты нæ бафиппайдтон, сывæллæттæ уыцы иу дзырд алыхуызон куыд фыссынц, уый. Æмæ мæ бафæндыд уый фæдыл мæ хъуыды зæгъын.

**ХÆМЫЦАТЫ Георги,**
**УФ-йы иумæйаг ахуырады кадджын кусæг,**
**Цæгат Ирыстоны ахуырады сгуыхт кусæг,**
**Сырх-Дыгур**

## Ногдзинад

# Алеппойы иронау сдзурдзысты

**Хуссарирыстойнаг паддзахадон университет хъавы Сирийы горæт Алеппойы университеты дæрддзæф ахуыры хуызы ирон æвзаг æмæ историйы факультатив байгом кæнынмæ.**

Уый тыххæй ТАСС-æн фехъусын кодта уæлдæр ахуырадон уагдоны ректор **Тедеты Вадим**.

2023 азы кæрон ХИПУ æмæ Алеппойы университет онлайн-форматы хуызы бафыстой æмгуыстады тыххæй бадзырд. Мадзалы архайдтой дыууæ бæстæйы университетты профессортæ.

"Æрмæстдæр ма уæ цæстытыл ауайæд, уыдоны университеты ахуыр кæны 120 мин студенты. Æмархайд цæудзæн кæрæдзийы фæлтæрддзинадæй пайда кæныны, иумæйаг наукон-практикон мадзæлттæ æмæ æндæр ахæм къабæзты. Мах сæм уæлдæр ахуырадон уагдоны дæрддзæф ахуыры хуызы ирон æвзаг æмæ историйы факультатив байгом кæныны фæндон бахастам, Алеппойы университеты студенттæ æмæ ахуыргæнджытæй кæй фæнды, уыдонæн. Сæ зæрдæмæ бацыд нæ фæндон", — загъта ректор.

**БУТАТЫ Азæмæт**

## Культурон цард

# Саулаты мыггаджы равдыст

**Саулаты мыггаджы совет, йæ фарсмæ республикæйы культурæйы æмæ национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министрадтæ, афтæмæй, иумæйаг архайдæй, Дзæуджыхъæуы байгом кодтой цымыдисаг равдыст.**

Саулатæ хъуыстгонд сты сæ курдиатджын нывгæнджытæй, ис сæм архитектор, скульптор, къамисджытæ æмæ, нывкæнынады иннæ жанрты чи архайы, ахæм дæснытæ. Равдысты æппæты хистæр архайæг у 87-аздзыд **Саулаты Азæ**, кæстæр архайæг **Саулаты Нинæйыл**та цæуы аст азы, фæлæ ныридæгæн дæр йæ нывтæ иннæты 'хсæн бæрæг дарынц канд сæ ирд ахорæнтæй нæ, фæлæ курдиатджын февнæлдæй. Суинаг нывгæнджытæ æмæ иннæ уазджытæ стыр цымыдисæй зонгæ кодтой нæ республикæйы сгуыхт нывгæнæг **Саулаты Сергейы** нывтимæ, ирон мифологи, зæронд Дзæуджыхъæу æмæ хуымæтæг адæмы цардимæ баст сюжеттыл.

Се 'ппæтæн дæр иумæйаг равдыст саразыны хъуыды æрцыд **Саулаты Валеримæ**, зындгонд архитектор, нывгæнæг æмæ къамисæг, Цæгат Ирыстоны минæвар Хъырымы Республикæ æмæ горæт Севастополы. Валерийæн бантыст ныр æртыккаг хатт рахæссын æхсæнад æмæ аивадуарзджыты размæ йæ мыггаджы сфæлдыстад.

Проект "Отражение" Саулайы-фырт снысан кодта Бинонты аз æмæ Ирон адæмы XI съезды кадæн. Сæ куыстытæ равдыстой мыггаджы минæвæрттæ фынддæсæй. Равдыстмæ æрбацыд бирæ уазджытæ мыггагæй, министрадтæ æмæ æхсæнадон организациты минæвæрттæ, Нывгæнджыты цæдисæй, фæсивæд.

Елхотаг лæппу Валери бирæ азты цæры Хъырымы, фæлæ йæ райгуырæн хъæуимæ бастдзинад нæ сафы, активонæй архайы хъæубæсты культурон царды. Валерийы хъæппæрисæй сын фыст æрцыд хæлардзинад æмæ æмгуыстады фæдыл бадзырдтæ Бахчисарайы район æмæ горæт Алупкæимæ. Уый фæдыл Елхоты депутаттæ саккаг кодтой Валерийæн "Елхоты кадджын гражданнин"-ы майдан, йæ риуыл ын æй бакодта хъæуыхицау **Гуытъиаты Эльбрус**.

Равдыст байгом кодта Саулаты мыггагæн арфæйы ныхæстæй Национ музейы разамонæг **Цуциты Аслан.**

"Рагæй дæр ирон адæммæ фыдæлты фарн æмæ къонайы хъармæй каджджындæр ницы уыд. Æмæ абоны равдыст æвдисæн у уыцы цымидисаг хабæрттæн", — загъта культурæйы министры хæдивæг **Хъуысаты Зæлинæ** йæ раныхасы.

Мадзалы архайджытæй бирæты бафæндыд бузныджы ныхæстæ зæгъын Валерийæн ацы арфæйаг æмæ фæзминаг хъуыддаджы тыххæй. Се 'хсæн "Иры Стыр Ныхас"-ы сæрдар **Уататы Зелим**:

"Валерийæн стыр бузныг зæгъын, йæ равдыст съездимæ кæй бабаста, уый тыххæй. Тынг æй фæнды ирон адæмы хорздзинад. Æнæхъæн мыггаджы æнгом кæны, æмæ мæм афтæ кæсы, ахæм фембæлдтытæ адæмы кæй бæттынц. Фæнды мæ, цæмæй иннæ мыггæгтæ дæр дæнцæгæн айсой Валерийы хъæппæрис. Ис нæм ахæм хъуыды, Валериимæ дæр мын ныхас уыд — ацы равдыст Ирон адæмы съездмæ ногæй бацæттæ кæнын. Фылдæр мæ фæнды, фæзминаг мыггæгты тыххæй съезды архайджытæ куыд фехъусой, стæй нæ кæстæрты равдисын.



Саулатæ афтæ æнгом кæй сты, хистæртæ æмæ кæстæрты кæй хъуыды кæнынц, кæстæртæ хистæрты фæллойæн кад кæй кæнынц, уый стыр хъуыддаг у. Уый у ирон адæмы хъæздыгдзинад, тыриса хæрдмæ систой, æмæ сын бузныг!"

Ирыстоны интеллигенцийы номæй Саулаты Валерийæн раарфæ кодта **Æлборты Иван**, Хетæгкаты Къостайы номыл зонадон-культурон центры разамонæг. Йæ арфæйы ныхасы бафиппайдта, цæмæй ацы равдыстæй уазджытæй алчидæр йемæ ахæсса хорз мисхал æмæ йæ апарахат кæна йæ сыхбæсты, йæ мыггаджы 'хсæн.

Мадзал саив кодтой Аивæдты лицейы рауагъдонтæ æмæ 1-æм музыкалон скъолайы хъомылгæнинæгтæ.

**МАМИАТЫ Лолитæ**

## Сидт

### Зынаргъ Цæгат Ирыстон-Аланийы цæрджытæ!

Æрæджы Хъæдгæроны фыдбæллæх æрцыд — газы срæмыгъды аххосæй æвирхъауæй фæмард æрыгон сылгоймаг Хадыхъаты-Зыкъуырты Зитæ Ирбеджы чызг. Йæ фæстæ баззад фондз æнахъом сабийы. Хистæрыл цæуы 15 азы, кæстæрыл — æдæппæтæй дыууæ мæйы.

Хадыхъаты бинонтæ хæдзар сæ кадавар æхцайы фæрæзтæй балхæдтой, æмæ йæ хъуыди сцалцæг кæнын, срæмыгъды фæстæ та сын уый дæр нал ис.

Æппæтадæмон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас" сиды республикæйы æппæт хорззæрдæ цæрджытæм, уагдæттæ, куыстуæттæ æмæ организациты разамонджытæм Хадыхъаты бинонтæм материалон æгъдауæй фæкæсынмæ. Нæ фыдæлты бафæзмæм — зиу ракæнæм æмæ не 'ххуысы къух бадарæм, фыдбылызы ахæсты чи фæци, уыцы сывæллæттæм. Иумæйаг хъарутæй, мæгуыр, хъысмæт уæззау цæф кæмæн ныккодта, уыцы Хадыхъаты бинонтæн, æнæмад æмæ æнæхæдзарæй цы сывæллæттæ баззадысты, уыдонæн баххуыс кæнæм аккаг цæрæнуат балхæнынмæ.

**Фæрæзтæ барвитын æмбæлы "СБЕР"-ы картæмæ ахæм номыримæ: 4276600025857232, кæнæ та телефоны ахæм номырмæ: 79888775522 Зыкъуырты Чермен Ирбеджы фырт.**

Арфæ кæнæм, ацы хъуыддаджы чи бацархайа, уыдонæн.


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**


РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ РЦИ-Аланийы Хицауады Администраци хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц Æрæфы районы муниципалон сконды разамонæг Хамыхъоты Мурзайы фырт Робертæн, йæ фыд

**ХАМЫХЪОТЫ**
**Бугъулийы фырт Мурза**

кæй амард, уый тыххæй.


**Ремонтстиральных машин на дому у заказчика (с гарантией). Тел.: 8-919-421-80-09; 8-961-820-92-02.**



Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;** 2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли**; 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;** 3-аг фарсæн — **Дзоцъыты Тамарæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайад: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3066.
Заказ № 141.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**